**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МР «ЦУМАДИНСКИЙ РАЙОН»**
**МКОУ «ВЕРХНЕГАКВАРИНСКАЯ ШКОЛА-САД»**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор школы-сада |
| ________Муртузалиев М.А. | ___________Хасбулаев Ш.М. | ________Исмаилов М.М. |
| Протокол №___ от «____» ___2023г. | «______»_____2023 г. | Приказ №___от«____» 2023г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родная литература»**

для 5 класса основного общего образования

на 2023-2024 учебный год

Составитель: Магомедова Сабижат Магомедовна
Учитель родного языка и литературы

**с. Верхнее Гаквари, 2023**

# Авар адабият

# (34)с

Асарал малъизе – 26 сагӀат
Класстун къватӀисеб цӀали - 4 сагӀат
Калам цебетӀезабизе -4 сагӀат

# Авар адабияталъул программаялъе баян

*Художествияб адабияталъ кlудияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, гlагараб халкъалъул рухlияб бечелъиялъул кьучlалда гlолилазе тарбия кьезе.*
*Гьединлъидал школалда малъизе тlаса рищун руго цlалдохъабазе мустахlикъал, магlнаялъул ва мацlалъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва цо-цо вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда тlад хlалтlулаго, лъималазда лъазе кола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие битlараб къимат кьезе ва адабияб теориялъул кlвар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасихlлъи ва гъварилъи.*
*Рагlул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.*
*Малъиялъул мурадлъун ккола рагlул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъолъе раккизе ругьун гьари, пасихlаб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьучlалда асаразулъ рихьизарурал общественниял гьоркьорлъабаздалъун, гlадамазул гlамал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бичlчlиялде рачlин.*
*Адабияб курсалда жаниб хасаб бакl ккола Ватlан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго захlматхалкъалъул мурадал цlуниялъул асар цlалдохъабалъ куцаялъ.*
*Адабияталъул дарсаз лъимал тlамула миллатазул адаб-хlурмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи вацлъи бищун къиматаб бечелъи хlисабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе гlоло цlалдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мацlалде руссинарурал лъикlал асаразулгун.*
*Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, цlалдохъабазул гlелалъулаб хlалбихьиги хlисабалде босун, авар мацlалда литератураялъул курс гlуцlун буго кlиго бутlаялдасан:*
*Тlоцебесеб - 5-9 классазда литературияб цlали, кlиабилеб – Дагъистаналъул литератураялъул курс.*
*5-9 классазе цlалул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги цlунун. Гьениб хlисабалде босула байбихьул классазда цlалул дарсазда лъималазе щвараб хlалбихьи ва гьениб лъураб кьучlалда гlуцlула хадубккун литературияб цlали.*

5-9 классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъикlал ресал ругел, ричlчlизе бигьаял,художествтияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб кlалзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул тlаса рищарал асарал.
Гьеб программаялъул аслияб тlалаб:
литератураялде аслияб рокьи базаби;
чвахун ва пасихlго цlалиялъул бажари камиллъизаби;
малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда( идеялдао хадур гъезе кlвезелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, тlахьал цlализе гъира-шавкъ бижизаби.
5-9 классазе тlаса рищарал асараз рес кьола цlалдохъабазул гlумруялъул хlалбихьи бечед гьабизе,сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе,гьезулъ рухlияб сахаватлъи куцазе, гlумруялда дандчlвалел гlемерал лъугьа-бахъиназе битlараб къимат кьезе ругьун гьаризе.
Щибаб классалъул курс гlуцlун буго тарихиябгун тематикияб тартибги цlунун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай гlаммлъизабизе,литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал чlванкъотlараб тарихияб заманалда хурхарал рукlин цlалдохъабазда бичlчlизаби, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб батlи-батlияб тарихияб заманалъул гlадамазул гlумруги гlамал-хасиятги ва рукlа-рахъинги гвангъун цебечlезабун буклин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб кlвар: гьанжесеб гlумруялъе битlараб къимат кьун бажаруларо, аралда данде кквечlого.
10-11 классазда малъула Дагъистаналъул литература.
10-11 классазда малъизе хlисабалде росун руго Дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал рагlул устарзабазул тlаса рищарал асарал.
Тlасиял классазда авар ва Дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго ричlчlулев, гьезул идеялда( аслияб пикруялда),сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев,гьезие битlараб къимат кьун бажарулев,жиндир халкъалъул рухlияб бечелъи босарав чилъун щивав цlалдохъан вахъинави.
Авар адабияталдаги инсаниятальего гlаммал образал ратизе ва ратlа рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас цlалдохъабазда малъула халкъалъ чlезарурал рухlиял гlурхъабазда рекъон героязул хьвада-чlвади, гlамал-хасият борцине.Гьебго хlалтlи гlурус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, кlиябго адабияталда рухlиял тlалабал тlурараб куц данде ккун, гlаммал рахъал ратани, лъимал хlасилалде рачине захlмалъуларо.
Школалда малъизе тlаса рищун руго хъвадарухъанасул художествтияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялъе мустахlикъал асарал. Цlалдохъабазда тlадаб буго классалданиги рокъобниги гьел асарал тlуранго цlализе. Цlалулаго лъугьараб рухlияб асаралъул кьучlалда гьабула анализалъулаб хlалтlиги.
Асарал малъулаго,хъвадарухъанасул гlумруялъул

ва творческияб нухалъул хlакъалъулъ баяналги кьезе ккола.
Гьелъ квербакъула художествиял асарал гъваридго ричlчlизаризе гуребги, Ватlаналъе ритlухъав, халкъалъул рухlияб байрахъ борхатго ккезе къеркьарав рагlул устарасул хlалуцараб гlумру, жигараб хlаракатчилъи баян гьабизеги.Гьелъул хlасилалда цlалдохъабазда цебе чlезе ккола тlолабго жиндир пагьму-гьунарги реклел бухlиги хирияб Ватlаналъе,гlагараб халкъалъе ва хъулухъалъе кьурав гlакъилав авторасул гвангъараб сипат.

Аваразул ва Дагъистаналъул цогидалги миллатазул адабияталъул гlаммаб цебетlеялъул бицинеги программаялда заман бихьизабун буго.
Анализ гьабулелъул, тlадчlей гьабула малъизе рихьизарурал асаразда ва пайда босула цереккун малъараздаса.
1946-1990 соназда Дагъистаналъул халкъазул адабият малъулаго, тlадчlей гьабизе ккола программаялда кьурал тlасарищарал асаразда.
10-11 классазда Дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищунго лъиклlал рагlул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъ рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рухlияб цолъи, гlахьалаб къисмат, батlи-батlияб къералъул цогояб культура буклlин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун тlадегlанаб хазиналъун лъугьин баян гьаби. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цебесеб ва гьанжесеб къисматалъул релълъен, гьезул адабият цогояб чвахиялда свери баянго бихьизабизе бигьалъула дандеккун хал гьабураб мехалъ.Программаялда мухlканго чlезарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал.
Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сияхl цlиклlклlинабизе, малъарал гъварид гьаризе хlисабалде росун руго. Асаралъул анализ гьабулелъул, теориялъул баяназдаса гlатlидго пайда босизе ккола.
10-11 классазда мугъчlвай гьабула гlурус адабияталъул дарсазад малъараб материял адабияб теориялъул баяназда.



Рагlа ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала тlубан бажаруларо, гlатlидаб къагlидаялъ класстун къватlисеб цlали гlуцlичlого. Гьединлъидал чара гьечlого тlубазе ккола класстун къватlисеб цlалиялъул программа. Гьезда тlасан гара-чlвари гьабизе хасал дарсалги рихьизарун руго. Мугlалимасда тlадаб буго цlалдохъабазе цlализе кьезе цохlо рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал,критиказ рецарал цlиял асаралги.
Щибаб классалъул программаялда кьун буго кlалзул ва хъвавул калам цебетlезабизелъун тlоритlизе кколел хlалтlабазул къадар.
Гьел хlалтlаби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул хъвадарухъабазул пасихlаб

*мацIалде, рагIаби дандразе, хабар гIуцIизе, магIнаялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги цIалдохъабазул къимат борхула. Программаялда чIезабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине бажариялъул мухIканаб гIурхъи-рахъ.*

*Лъазе ккола малъулел асаразул хIасил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб теориялъул баяназдаса гIатIидго пайда босизе, программаялъ тIадаллъун гьарурал текстал рекIехъе цIализе. Ругьунлъиялъулгун бажариялъул тIалабал кIийиде рикьун руго:*

*1) Асаралъул анализ гьаби ва гьелъие къимат кьун бажари.*

*2) Калам гIуцIун бажари.*

*Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб цIалул заман. ЦIалдохъабазул къадаралде, лъаялде ва гьезулгун классалда хIалтIи гьабизе ругел шартIазде балагьун, яги методикияб рахъалъ чара гьечIеблъун бихьулеб бугони, учителасул ихтияр буго, цо-цо темаялъе кьурал сагIтазул къадар, жиндаго лъикIаблъун бихьараб къагIидаялъ хисизабизе.*

*Адабияталъул дарсазда цадахъго гIатIидго бачине ккола класстун къватIисеб хIалтIиги: адабияб кружок, цIаларал тIахьазда тIасан бахIсал-конференциял тIоритIи, литературиял хIаял, пасихIго кучIдул, харбал цIалиялъул къецал, концертазде, киноялде, театралде цадахъ ин ва бихьаралда тIасан гара-чIвари гIуцIи, поэтазул, хъвадарухъабазул бакIазде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб кIалзул гьунаразул асарал ракIари гIадал тадбирал.*

## *5 классалда адабиял темабазда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавулал хIалтIабазул аслиял тайпаби.*

*БичIчIизе бигьаяб гIелмияб мацIалда хъваралги художествиялги текстал рагIун, дурун цIалазе ругьун гьари. рекIехъе лъазарурал художествиял асарал пасихIго цIали, кIудиялдаса цо бутIаялъул гIатIидгоги( тексталде гIагарун) къокъгоги хIасил бицин ( абунги хъванги), гьелда гьоркьобе сурат-сипаталъул бицунел бакIалги ккезари. ЦIалдохъабазул жидерго захIматалъул, гьез жамагIаталъе гьабулеб пайдаяб хIалтIул бицарал сочинениял хъвай.*

*Багьадураздехун, гьезул ккарал лъугьа-бахъиназдехун жиндилъ бижараб пикруги загьир гьабун, телевизоралдасанниги киноялданиги рихьарал фильмабазул, цIалараб художествияб асаралъул хIакъалъулъ бицун бажари.*

## Авар мацӀалъулгун бухьен

Кьураб темаялда хабар гӀуцӀи.
ГӀадатаб план.
Сипатияб ва гӀадатияб гӀелмияб калам.
Гьезул батӀалъи.
Предметазе гьабураб сипат-сурат цӀунун, хабарияб тексталда тӀасан изложение хъвай.
РагӀул битӀараб ва хъвалсараб магӀна хал гьаби.
Синонимал, антонимал, гаргар, тема, тексталъул аслияб магӀна баян гьаби.

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан
## 5 классалъул цӀалдохъабазда цере лъолел аслиял тӀалабал
## ЦӀалдохъабазда лъазе ккола:

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цӀарал;
- лъазарурал асаразул багьадуралги ва гьел гьоркьор гӀахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;
-адабияб теориялдаса баянал:
художествияб асаралъул багьадур, багьадурасул монолог, диалог;
дандекквей, олицетворение,эпитет.
-адабиял маргьабаздаса халкъиял маргьабазул батӀалъи
-программаялда рекӀехъе лъазаризе рихьизарурал текстал

## ЦӀалдохъабазда бажаризе ккола:

-лъазарурал асаразда гъорлъа хасал лъугьа-бахъинал ратӀа рахъизе;
- лъазарелел асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва гӀилла-мурадияб бухьен чӀезаби;
-малъулеб асаралда жаниб дандекквеял,эпитетал,олицетворениял ратизе ва текстазда гьоркьоб гьезул бугеб кӀвараалъе баян кьезе;
-мугӀалимасул тӀадкъаялда рекъон лъазабулеб асаралъул багьадурасул гӀамал -хасият бицине.
- минуталда жаниб 90-100 рагӀи кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал рагӀун, ритӀун ва чвахун цӀализе;
-рекӀехъе лъазарурал асарал пасихӀго цӀализе;
-гьитӀинаб хабарияб асар, яги цо бутӀа изложение хӀисабалда бицине ва хъвазе;
-захӀматалъул темаялда сочинение хъвазе ( жиндирго хӀалтӀул хӀалбихьиялъул кьучӀалда);

-асаралъул багьадурасул хасият рагьизе ( бицунги хъванги)
-гьитlинаб хабарияб асаралъул яги кlудиялъул цо кесекалъул план гlуцlизе;
- асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьиги загьир гьабун, жинцаго цlаларал художествиял асаразе къимат кьезе ( бицун).

## Жидецаго цlализе кколел асарал:

«Гьабигьанасул лъимал»- маргьа
«Рахъухъирщ» - маргьа
Бечелъи кlваричlо-махщел бокьила»- маргьа
«Дир санал тlикъваялда хъван руго»- маргьа
«Авар халкъалъул кицаби, абиял, бицанкlаби»- З.Гlалиханов
«Аздагьо чlвараб гlужрукъ» - А.Акавов
«Кусачиясулги бесдалазулги хlакъалъулъ маргьа»- Гl.Хачалов
«Рии тlадбан буго дир тlалъиялда. Ватlаналъул тахl»- Ф.Гlалиева
«Нилъералго рицине бегьуларо»- М.Гlабдухlалимов
«Их».»Хасел».»Оцол гlумру». «Радиоялъул хlакъалъулъ» - Цl.Хlамзат
«Тlогьол магlданl – З.Хlажиев
«Лекlи». «Алазан». «Херал магlарулал» - Р.Хlамзатов
«Кантlи» - Гl. Расулов
«Гьитlинав найихъан» - А.Мухlамаев
«Лъадал парччи» -Т.Таймасханов
«Дир Дагъистан» - Хl.Гъазимирзоев
«Кучlдул» - Д. Яндиев

## Реклехъе лъазаризе кколел асарал:

«Ганчlил вас» - («васас гlодове виччан, буртина гъажалде рехана»,- ян абураб баклалдаса лъугlизегlан)
«Гъалбацlги гlанкlги» - Цl.Хlамзат ( Гlалхуда бертин 8-10 куплет).
« Тlабигlат берцинаб жо» - И. Гlалихlажияв
« Маша» - Р. Хlамзатов ( 2 бутlа)

| № | Дарсил тема | Дарсида гьабулеб хlалтlул система | Словарияб хlалтlи | р/хl |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Халкъияб кlалзул гьунар. «Ганчlил вас». | Авалияб гара-чlвари. Тарихияб баян. 1. Пасихlго текст цlали. 2. Лъимал цlализе тlами. 3. Текст цlалун, план гlуцlи. 4. Планалда рекъон, хlасил бици. 5. Ролазде бикьун, цlали. Героязе къимат кьей. | Фольклор,анищ, хьул, ритlухълъи,сахаватлъи, таваккал, асар. Иргъахъ, тlимугъ, салул авлахъ, залимав, чадир, чахъу Кlургlараб, кlигъуждул | Гьум. 3-4. Гьум 5-8 ролазде бикьун, цlализе хlадурлъизе. |
| 2 | «Лъабго гьунар гьабурав бахlарчи». | 1. Гlажаибал маргьаби. 2. Учителас цlали. 3. Гара – чlвари. | Зани, жавгьар-якъут, хъатамасан, кьодул сак, вигьизе. | Гьум. 8-10 хlасил бицине. |
| 3 | «Лъабго гьунар гьабурав бахlарчи». | 1. Планалда рекъон 5 тlадкъай. 2. Лъабго гьунар бугеб бакl бицине. | Тlом, тlину, парча, мегъ, сакl, цlагlелги, хъала, накъиш | Гьум. 10-15 х1асил бицине. |
| 4 | «Хlамаги бацlги». | 1. Хlайваназул хlакъалъулъ маргьаби. 2. Ролазде бикьун, цlали. | Гьир, гьод, сага, чабах, ччохl, къехь, чlинхъи, къоно, халаса | Гьум. 15- 18 хlасил бицине. Гladатаб анализалде хlадурлъизе. |
| 5 | «Кьурулъ хутlарав Гlали». | 1. Халкъияб кочlол тематика. 2. . Анализ гьаби. 3. Ролазде бикьун, цlали. | Чаранкьуру, рекlкl, тlул, нухъа, хlокl, макру, парчи, ракьа | Аслиял лъугьа-бихьиназул 1-2 сурат бахъизе, суратлда гъоркь рекъон кколел рагlаби хъвазе кочlодасан. Ролазде бикьун цlализе хlадурлъизе. |
| 1. | ***Класстун къватlисеб цlали.*** | | | |
| 6 | Бицанкlаби. Кицаби ва абиял. | 1. Бицанкlабазе баян. 2. Гьезул хаслъи. 3. Лъимал цереккун лъалел бицанкlаби рицизе тlами. 4. Кицабазе ва абиязе баян. | | 2-3 бицанкlо ургъун босизе(адабияталда гьечlеб) |
| 7 | Цlадаса Хlамзат «Гъалбацlги Гlанкlги». Адабияталъул теория: микьго | 1. Маргьадул хъвалсараб магlна. 2. Учителас цlали. | Керчал, гlалах, руккел, эркенлъи, квачl, митинг, авлахъ, рехъен, гургур, | l бутlаялда тlасан бокьараб лъугьа-бахъиналъул сурат |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | гьижаялъул кочlол гlуцlи. | 3. Ролазде бикьун цlали.<br>4. Гъалбацlил рагlаби цlализе тlами. Олицетворение. | пил, гlеретl, гlондокь, щвантlих | бахъизе. № 2,3,9 тlадкъаял тlуразе.<br>II бутlаялдаса 8 куплет рекlехъе лъазаби. |
| 8 | Гlабдулмажид Хачалов «Шахламаз». | 1. Авторасул биография.<br>2. Учителасул мисалияб цlали.<br>3. Гара-чlвари (хlасилалда тlаса) | Халича, бессизе, устар, къулгlа, рагьдател, чапар, буюри, релъен-кун, мочу, пахь, гьин | Гьум. 45-46 хlасил бицизе. |
| 9 | «Шахламаз». | Тlадкъаял тlуразе. | Илхъи, катан, | Гьум 47-49 хlасил бицизе. |
| 2. | *Класстун къватlисеб цlали.* | | | |
| 10 | Гlабасил Махlамад «Чlибирикъ». | 1. Авторасул биография.<br>2. Учителасул мисалияб цlали. | Улка, эгъе, си, мергу, гlомо | I бутlа чвахун цlализе хlадурлъизе. |
| 11 | «Чlибирикъ» | II-III бутlа цlализе | Айгъир, тlурузаб, пунхъизе | Суалазде хlадурлъизе.<br>1-2 сурат бахъизе. |
| 12 | Инхоса Гlалихlажияв «Бечедал чагlазде». «Тlабигlат берцинаб жо». Эпитеталъул хlакъалъулъ баян. | 1. Авторасул биография.<br>2. Учителас цlали ва тlадкъаял тlуразе.<br>3. Цо-цо сурат ургъизе.<br>4. Эпитетал ратизе. | Зайну, цlиризе, кантlизе | Пасихlго цlализе хlадурлъизе.<br>Гьум. 63-65.<br>Тlабигlат берцинаб жо – рек1ехъ лъазабизе |
| 13 | Элдарилав «Хъуру-хъара». | 1. Авторасул биография.<br>2. Кочlол тарихияб справка.<br>3. Эпиграф (магlна). | Бегавул, газа, гlакlа, гlабас | Пасихlго цlализе хlадурлъизе.<br>Гьум. 68-69. |
| 14 | Цlадаса Хlамзат «Гlакдал кечl». | Учителас цlали. «Гlака» абураб рагlуе синонимал ратизе.<br>1. Лъимал цlализе тlами.<br>2. Тlадкъаял тlуразе.<br>Олицетворение. | Гьод, аятал, алфазал, баркат, б Абгил накку, мегъ, бахьикъосараб, тlом, питна.аркаманалда, сахl | Кочlол роцен чlезабизе, кечl пасихlго цlализе .4 купл. |
| 15 | Кочхюралдаса Сагlид «Мурсалханасе нагlана» «Дир къисматалъул гьоко» | 1. Биография.<br>2. Кечl цlализе.<br>3. Анализ гьабизе.<br>4. Кочlол мисалияб цlали бихьизаби. Суалал ва тlадкъаял тlуразе. | Ритlухълъи, хlалихьат, къисас, чукъби, нахърател, панз, къавм, жергъен, ссур, рецlцlизе Къисмат, берзул нур, бис, махlрум, гьир | Пасихlго цlализе хlадурлъизе, 1-2 сурат бахъизе ханасулги поэтасулги. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 16 | АбутIалиб Гъафуров «Дир гIумру». | 1. Биорафия.<br>2. Учителас цIали. | Хохараб, гъансито, къентIури, язихъаб, мочIо, гIерекъ, дабагъ | Гьум. 78-82 хIасил бицине. |
| 17 | «Дир гIумру». | Учителас цIализе.<br>Асаралда тIаса гра-чIвари гьаби.<br>Адабияталъул теория.<br>Дандекквей, метафора (ратизе ругьун гьари). | ТIом, хьвацIил тIукъби, чIва, макруяв, пулав, гужгат, маххул къебед, низам, | Гьум. 83-87 хIасил бицине. Суалазде хIадурлъизе. АбутIалибил гIумруялда жаниб бищунго захIматаб лахIзаталъул сурат бахъун босизе. |
| 18 | ЦIадаса ХIамзат «Гьудуллъи лъилгун кквелеб?». | 1. Авторасул биография.<br>2. КочIол мисалияб цIали бихьизаби. | РекIкI, багьизе, мигь, бахча, гьурщизе, ургьиб | Гьум. 93. КечI пасихIго цIализе лъазе. |
| 2с | ***К/Ц Сочинение***<br>ЦIадаса ХIамзатил коч1олъ авторас гьудуллъи щибгун ккезе ахIулел ругел? Жакъасеб къоялда кинаб гьудуллъи бугеб тIехьалъулгун? | | | |
| 19 | МухIамадов Шамхалов «Зурмихъабазул нохъода». | 1. Авторасул биография.<br>2. БецIхIорил сурат бахъи.<br>3. Текст цIали. | Кьуру,гьелчезе,рокьукъаб, хьуцI, гъулгъудизе, рохъо | Гьум. 94-107 хIасил бицизе. |
| 20 | «Зурмихъабазул нохъода». | 1. Текст цIали.<br>2. ТIадкъаял тIурай.<br>3. ГIадатаб анализ гьаби. | | Гьум. 100-107 хIасил бицизе.<br>ГIадатаб анализ гьаби. |
| 21 | МухIамад Сулиманов «ХIинкъараб сапар». | 1. Авторасул биография.<br>2. Учителас цIали I-V бутIаби.<br>3. Сурат бахъи. | Чанлъаб кIатIари, гъуцIараб, цIиркъ, кIургIараб, тIипало | I-V бутIаби рицизе. |
| 22 | «ХIинкъараб сапар».<br>Адабияталъул теория.<br>Тема ва идея. | Учителас цIали VII-ХбутIаби.<br>Асаразул тема ва идея батизе ругьун гьари. | Манзил, жен, гIари, чудук, кьинч, богIоло, гьоло, пурчIина сезе, партизан, нохъо, ригь, лъелъ, хъата-масан,кIогIоро | VII-Х бутIаби рицизе.<br>Гьум. 130-131. |
| 3. | ***Класстун къватIисеб цIали.*** | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| **23** | Расул ХIамзатов «Вера Васильевна». | **1.** 30[ел] соназда лъай кьеялъул иш.<br>**2.** ПасихIго цIализе.<br>**3.** ХIасилалда тIасан гара-чIвари.<br>**4.** Классалъго хоралда цIали.<br>**5.** Кьиматал лъезе чвахун цIализе тIами.<br>**6.** Каламалда тIад хIалтIи (эпит. дандкkв.) | ГIазизай, кулак, чохтIо, бугьтан, панаяб, лахIзат. Мукъсанаб, рейхстагалъул кьед, гъулбас, тIавап | Чвахун кечI цIализе лъазе ва киналго дандкквеял ратизе. |
| **24** | «Маша». | **1.** Учителас пасихIго цIали.<br>**2.** МацIалда тIад хIалтIи.<br>**3.** Цо-цоккун цIализе тIами. | ХIанкъва, гурга, гурмендо, лепек Гозо,маржанал, ада | I бутIа рекIехъе лъазабизе. |
| **25** | ГIабдулмажид Хачалов «ТIаса лъугьа, гьалмагъ майор». | **1.** КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ бицизе.<br>**2.** ЦIализе.<br>**3.** Учителас цIали.<br>**4.** Лъимал цIализе тIами.<br>**5.** Анализ гьаби. | Хьадарлъизе, землянка, махIаби, учителас цIали. Лъимал цIализе тIами. Анализ гьаби. | Гьум. 140-147 хIасил бицизе. |
| 2с | ***К/ц . Литературияв героясул хIакъалъулъ баян-сочинение*** | Саша Горбуновасул мисалалда. | | |
| **26** | Фазу ГIалиева «МугIалим». Адабияталъул теория. Хабаралъул хIакъалъулъ баян | **1.** Поэтессаялъул гIумру.<br>**2.** КочIол мисалияб цIали бихьизаби.<br>**3.** Анализ гьабила. | Авлахъ, гъугъан, лачен | Чвахун цIализе хIадурлъизе. |
| 4. | ***Класстун къватIисеб цIали.*** | | | |